



Piwulang 3 Prastawa Alam Bag-2

LKPD BAHASA JAWA

KELAS 5 SEMESTER 1

Nama Siswa :

No. Absensi :



Maca Karangan Kadadeyan Alam

Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!

Petani Jagung Ngajap Ketiga Dawa

Ing tengahe kekurangan banyu kang lagi dialami dening saperangan warga ing Boyolali, petani jagung ing laladan wadhuk Kedungombo, ing Klewor, Kemusu, malah ngajap mangsa ketiga bisa luwih suwe maneh. Amarga manawa mangsa ketiga bisa luwih dawa, para petani jagung bisa panen nganti kaping pindhho. Nanging manawa mangsa rendheng enggal teka tegese tanduran jagung kang wis ditandur iki bakal kelebihan banyu. "Yen kelebihan banyu ya tambah rugi," kandhane Paikem, salah siji petani jagung ing Klewor, Kemusu.

Paikem lan petani palawija wiwit nandur jagung dhek sasi Juni. Sawise telung sasi dheweke wis bisa manen jagunge. Nanging asile panch ora maremake jalaran saperangan jagunge diserang ama tikus.

"Aku sakanca wis wiwit nandur jagung maneh. Manawa tekan sasi November isih ketiga, bakal bisa panen maneh kanggo nutupi rugi panenen wingi," tambahe Paikem.

Rukini, petani liyane uga ngandharake manawa jagung iku dadi andelane petani sakiwa tengene wadhuk Kedungombo. Mula saka kuwi para petani ngajap mangsa ketiga iki bisa luwih dawa supaya panen jagunge bisa kaping pindhho. Kanthi mangkono uripe para petani jagung bisa rada kepenak.

Kajupuk saperlune saka, *Suara Merdeka*
25 September 2014



Wangsulana pitakon ngisor iki kang ana gegayutane karo wacan ing dhuwur !

1. Apa irah-rahan wacan ing dhuwur?
2. Dijupuk saka ngendi wacan ing dhuwur?
3. Apa kang dirembug ing wacan iku?
4. Sapa kang disuwuni kiriman banyu?
5. Kepriye carane ngirim banyu?

Gunung Kelud Mbledhos

Bumi horeg bebarengan karo swara mak gleger. Keluk ireng nggembuleng peteng. Saya dhuwur saya amba tebane mekrok kaya jamur gedhe. Gunung Kelud utawa Gunung Kampud mbledhos dina

Kemis malem Jemuwah tanggal 13 Februari 2014. Maewu-ewu watu, krikil, lan awu diwutahake saka wetenge nganti sumebar teka ngendi-endi. Ora mung tlatah Jawa Timur, ning awune kagawa angin nganti tekan Jawa Barat penere Bandung, Pangandharan, lan Bogor.



Ewoning warga kang manggon ing sakiwa tengene Gunung Kelud kayata, warga Kabupaten Kediri, Malang, Blitar, lan Batu kepeksa kudu diungsekake menyang papan kang luwih aman. Erupsi Gunung Kelud ngumbulake material nganti 17 km dhuwure, lan yutan meter kubik awu vulkanik lan wedhi.

Gunung Kelud nalika mbledhos pancen ora langsung nuwuhake kurban jiwa, amarga pancen mbledhose Gunung Kelud beda karo Gunung Merapi kang mesthi dikantheni karo metune wedhus gembel utawa mega panas. Uga beda karo Gunung ing Dieng kang ngetokake gas racun. Sanadyan mangkono masarakat tansah waspada utamané kanthi anelaha radhem kang biasane gumrojo ngajak sawise bledhosan jalaran kena banyu udan. Adate lahar adhem kuwi mili liwat kali-kali ing sangisore, kayata, Kali Kuning, Kali Bladak, kali semut, lan kali Putih. Masarakat dielikake supaya ngadohi kanthong-kanthong lahar. Statuse Gunung Kelud isih mbebayani. Radius 10 km saka kawah isih disterilake, masarakat ora entuk mlebu kawasan kuwi.

Sawetara bubar mbledhose Gunung Kelud, kabeh sarana panguripan enggal direhabilitasi, didandani maneh. Omahe pendhudhuk, sekolahan, dalan, lan prasarana liyane. Presidhen paring pangalembana dene penanganan bencana erupsi Gunung Kelud lumaku kanthi cepet lan ora nganti nuwuhake kurban jiwa.

Kapethik saha karingkes saking Jaya Baya, Februari Nomer 27/ LXVIII

Wangsulana pitakon ngisor iki kang ana gegayutane karo wacan ing dhuwur !

1. Kapan Mbledhose Gunung Kelud?
2. Kepriye kahanane nalika Gunung Kelud mbledhos?
3. Apa bedane mbledhose Gunung Kelud karo Gunung Merapi?
4. Gunung Kelud mbledhos ngutahake apa wae?
5. Apa sebabe Presidhen Susilo Bambang Yudhoyono paring pangalembana marang Pemerintah Jawa Timur?